



ENFÒMASYON POU VIKTIM VYOLANS DOMESTIK

Èske ou viktim vyolans domestik?

- Si ou bezwen èd kounye a, ou ka rele **911** pou polis la vin jwenn ou.
- Ou ka rele liy asistans pou vyolans domestik la tou. Ou ka pale anprive ak yon defansè liy asistans la sou ki èd ou ka jwenn nan kominote ou an ki enkli: kote ou ka jwenn tretman pou blesi, kote ou ka jwenn refij, kote ou ka jwenn sipò, ak sa ou ka fè pou ou ansekirite. Nimewo telefòn lokal pou asistans 24 è pou vyolans domestik ak seksyèl Leta New York se: **1-800-942-6906**, Yo ka ba ou enfòmasyon nan plizyè lang. Si ou soud oswa mal pou tandè, rele **711**. Nimewo liy asistans Vil New York lan se: **1-800-621-HOPE (4673)** oswa rele **311** TDD: **1-800-810-7444**.

Men sa lapolis ka fè:

- Yo ka ede ou ak pitit ou jwenn yon kote ki an sekirite tankou kay yon fanmi oswa zanmi oswa yonabri nan kominote w la.
- Ou ka mande ofisye a pou li Mennen w oswa pou l ede ou ak pitit ou yo ale nan yon kote ki an sekirite nan kominote w la.
- Yo ka ede konekte w ak yon pwogram lokal vyolans domestik.
- Yo ka ede w rive nan yon lopital oswa klinik pou swen medikal.
- Yo ka ede w pran afè pèsonèl ou yo.
- Yo dwe ranpli yon rapò pou diskite ensidan an. Yap ba ou yon kopi rapò lapolis sa a anvan yo kite sèn la. Li gratis.
- Yo ka, e pafwa dwe arete moun ki fè ou mal la si ou se viktim yon krim.
- Moun ki te arete a ta ka libere nenpòt ki lè, kidonk li enpòtan pou planifye sekirite ou.

Si ou te abize oswa menase, men sa ou ka mande lapolis oswa avoka distri a fè:

- Pote yon plent kriminèl kont moun ki fè ou mal la.
- Mandè tribinal kriminèl la pou li bay yon lòd pwoteksyon pou ou ak pitit ou si avoka distri a depoze yon dosye kriminèl nan tribinal la.
- Ba ou enfòmasyon sou kòman pou w ranpli yon petisyon ofans familyal nan tribinal fanmi lokal ou a.
- Ou gen dwa mande tribinal fanmi a yon lòd pwoteksyon pou ou ak pitit ou yo.

Men sa ou ka mande tribinal fanmi an pou fè:

- Pou depoze petisyon ofans fanmilyal ou a menm jou ou ale nan tribinal la.
- Pou tandè demann ou a nan tribinal menm jou ou depoze dosye a oswa pwochèn jou tribinal la louvri.
- Se sèlman yon jij ki ka bay yon lòd pwoteksyon. Jij la fè sa kòm yon pati nan yon ka ki nan tribinal kriminèl oswa tribinal fanmi kont moun ki te blese ou an.

Yon lòd pwoteksyon nan tribinal fanmi oswa nan tribinal kriminèl ka di:

- Ke lòt moun nan pa gen okenn kontak oswa komunikasyon avèk ou pa lapòs, telefòn, òdinatè oswa atravè lòt moun.
- Ke lòt moun nan rete lwen w ak pitit ou, kay ou, travay ou oswa lekòl ou.
- Ke lòt moun nan pa atake, anmède, menase, trangle, oswa komèt yon lòt ofans fanmilyal kont oumenm oswa pitit ou yo
- Ke lòt moun nan rann zam yo an ak lisans zam yo an, epi yo pa jwenn okenn lòt zam ankò
- Ke ou gen gad tanporè pitit ou yo.
- Ke Lòt moun nan peye sipò tanporè pou timoun.
- Ke lòt moun nan pa fè bèt kay ou yo oswa bèt sèvis ou yo mal.
- Si tribinal fanmi an fèmen paske li se lannwit, yon wikenn, oswa yon jou ferye, ou ka ale nan yon tribinal kriminèl pou mande yon lòd pwoteksyon.

Si ou pa pale angle oswa ou pa ka pale li byen:

- Ou ka mande lapolis la, avoka distri a, oswa tribinal kriminel la oswa fanmi an pou ba ou yon entèprèt ki pale lang ou. Entèprèt la ka ede w eksplike sa ki te pase a.

Ou ka jwenn fòm ou bezwen yo pou mande yon lòd pwoteksyon nan tribinal fanmi lokal ou (Metè adrès ak enfòmasyon pou kontakte tribinal yo):

- Ou ka jwenn yo sou entènèt tou: www.NYCourts.gov/forms.

Ou pa bezwen yon avoka pou mande yon lòd pwoteksyon.

- Ou gen dwa pou jwenn yon avoka nan tribinal fanmi an. Si tribinal fanmi an jwenn ke ou pa gen mwayen pou w peye yon avoka, li dwe ba ou youn gratis.
- Si ou depoze yon plent oswa petisyon tribinal famiyal, yo pral mande w pou fè sèman ke se laverite paske se yon krim pou depoze yon dokiman legal ou konnen ki fo.